

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

— JAVA-INSTITUUT —

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,  
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT. — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—  
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . „ 0.30  
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . „ 20.—  
Satengah katja . . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, Saparapat katja. . . . „ 7.50  
dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

## Eusina P. S. No. 12.

1. Pihatoer Redaksi .....	katja	177
2. Mataram .....	„	178
3. ✓ Lebaran .....	„	184
4. ✓ Ngèsrèk .....	„	188
5. Kongres basa Soenda .....	„	191

## Pihatoer Redaksi.

Sakoemaha anoe parantos kaoeninga koe sadaja, ieu P. S. nomer 12 tèh boengsoena taoen ka doea. Ti awit sasih pajoen sasih

Djoeli njikalan ti hidji deui, bakal nintjak taoen ka tiloena.

Soepados Poesaka Soenda longsong loempatna dina taoen anjar, panoehoen anoe djadi pangoeroes soepados artos langganan pikeun taoen ka tiloena tèa, anoe biasa kedah timpah ti pajoen tèa, hang salsè kapoepoel dina Djoeli kènèh atanapi bèh ditoena Agoestoes. Koe margi èta engkè dina nomer hidji sasih pajoen baris diangkeran koe kikitir, keur ngintoekeun piwaragadeun P. S. taoen katiloe, pangbajoean ti para Djoeragan sadaja.

Taja sanès moeng soepados oeninga ti anggalna.

II no 12

177

378

## Mataram.

*Samboengan P. S. No. 11.*

Djaka Tingkir parantos aja di Demak matoeh di Kiai Gandjoer sadèrèk iboe poeloengna tèa. Awitna èta djadjaka anoe keur meudjuehna belekesenteng boeta toelang boeta daging tèh, nja ngagandèk baè satjabak tjabak di boemi Ki Gandjoer tèa.

Dina hidji dinten Djaka Tingkir keur tjinoetroeng dina koeta djalan sisi balong, leugeudeut Kangdjeng Soeltan diiring koe oepatjara, rèk angkat ka masjid. Tina kapelenggok teu bisa njingkah, ngan gadjleng baè ki Djaka Tingkir ngatjlog noekang ngaloentjatan balong. Atoeh Kangdjeng Soeltan kagèt ningali aja noe bisa ngatjlog kawas ngapoeng sakitoe lepasna; harita kènèh Djaka Tingkir ditjandak didamel gandèk karaton. Lamilami tina kaanggo koemawoelana, tjepet benar teu aja pisan tjarèkeunana doe noengan, nepi ka oenggah harkat, geus teu djiga-djiga gandèk, komo barang katingali kadigdjajaanana mah, geus teu bina ti ka poetra, Kangdjeng Soeltan deudeuhna ka Djaka Tingkir tèh.

Ajeuna Djaka Tingkir geus dipaparin kaloenggoehan djadi kapala tamtama, kagoernita sanagara Demak kawentar kagagahanana, toeroeg-toeroeg kasèp hadè gogog hadè tagog, geus djadi sabiwir hidji nonoman binékas, lain bantrakbantrakeun koe atah-atah.

Katjarios Kangdjeng Soeltan badè nambihan rèana balad tamtama, parantos ngadamel serat èmbaran, diwawarkeun ka mana mana, saha anoe oentoepan djadi djoeroe taroeng. Ièbèr wawanèn liat koelit teuas toelang, koedoe datang ka dajeh, baris diangkat djadi tamtama kapetengan nagara.

Oenggal dinten ngabroel ti soeklakna ti sikloekna anoe pada ngalamar, njoehoenkeun didjadjal katamtamaan. Ari dièksamenna minangkana, sanès dibèrè soealan itoengan, nanging diadoekeun sareng bantèng, atawa bagong bajangan. Anoe

koeninga beuneur peupeuhna tarik tjampilingna, kandel koelitna nja ladjeng ditampi.

Dina hidji dinten djoel hidji djelema oerang Kedoe Pengit, ngaranna Ki Dadoeng Hawoek karepna hajang asoep djadi tamtama, ngadeuheus heula ka Djaka Tingkir anoe djadi kapala tamtama tèa. Barang srog ka pajoeneun Djaka Tingkir, Djaka Tingkir rada ngadjengok bari mèssem ningali noe gorèng patoet dibèakkeun koe sorangan, èstoe lain gorèng patoet meumeusan, pèrah bedog raoetaneun sarimbag djeung kedok bakal tèh saenjana; ari dedeg pangadeg badigoel benteloè sapadoe-raksa baè. Djaka Tingkir anoe bakal djadi doenoenganana, kawas teu pati sapoek asa pisareukeukeun, lamoenepi ka ditamtamaan koe anoe pantar kitoe, nja djoerodjoj aja manah pangadjak amarah, mawa kana djalan salah.

Ari èta Ki Dadoeng Hawoek tèh geus kakontjara lain djelema djoerè-djoerè, soeroep kana dedeganana pikagilaen, djelema doegal katjeloeok wedoek, wedel koelitna bedas tanagana, djago teu aja bangsana di lemboerna mah.

Datang-datang pok Ki Dadoeng Hawoek oendjoekan, jen oepami bahan katampi, hajang lebet tamtama. Ari saer Djaka Tingkir: „Hadè, euweuh halanganana soekoer manèh hajang asoep djadi tamtama. Tapi meureun manèh ogè geus njaho, jèn anoe hajang djadi tamtama mah koedoe didjadjal heula. Batoer noe lian didjadjalna diadoekeun djeung bantèng djeung bagong bajangan, tapi ari manèh mah arèk didjoegdjoegan koe ieu baè tjongo doehoeng. Koemaha sanggoep, wani?”

Walon Ki Dadoeng Hawoek: „Sadajadaja abdi mah koemaha pangersakeun baè; moal baha moal moengpang, sedja ngiring satimbalan”.

Teu tata pasini deui kodjèngkang Djaka Tingkir matek doehoeng, gabres disoedoekkeun kana dada Ki Dadoeng Hawoek, ambles tepi kana gandjana pisan. Tamtama noe lian, anoe harita pada aja di dinja, miloe poeas paheula-heula ngiring ngamadian keris, niroe lakoe doenoengan, mer-

gasá Ki Dadoeng Hawoek anoe teu toea teu dosa.

Dadoeng Hawoek palastra (paragat) harita kènèh, dada tepi ka karantjang koe tapak pakarang.

Barang Kangdjeng Soeltan ngadangoe wartos jèn K. Djaka Tingkir maèhan djalma tan padosa, bendoe lain di kieuna. Harita kènèh Djaka Tingkir ditoendoeng teu kènging aja di Demak. Ari koela waraga Dadoeng Hawoek koe Kangdjeng Soeltan dililipoer koe panjetjep, sina èmoet kana kadar. Djaka Tingkir anoe keur pinoedjoe soeka betah di Demak kapaksa kedah ingkah, sareng nembé ajeuna ngaraos kadoehoeng kadjoeroeng napsoe, èmoet nintjak lampah salah, sanget ngaraos lingsem koe salira, lahiriah èra koe pada djelema.

Djoeng angkat sakaparan-paran roemaos nandangan siksa, dododja toemiba kana salira. Madjoe ngetan-ngidoel henteu poegoeh noe didjoegdjoeg, ngaraos lesoe loengsè taja tangan pangawasa, kaloenta-loenta lebet ka leuweung geledegan. Asroek asroekan toeroen goenoeng oenggah goenoeng, lamina parantos lima sasih, djol soemping ka leuweung Djati-tengah di goenoeng Kendeng (Rembang).

Kaleresan keur asroek-asroekan di dinja gok tepang sareng Ki Ageng Boetoech.

Barang K. A. Boetoech rèt ningali djadja noe kitoe pandèna, kawas lain boedjang samanèa, reg ngadjanteng neutep kana pameunteuna, sadjongdjongan ngembang-kadoe teu ngandika. Soemeblak manah asa tepang sareng sadèrek noe geus taja di kieuna ningal keureutan pameunteu, nilik adeg pengadegna, tètèla teu asa-asa, noe mawi ladjeng baè dipariksa, saorna: „Agoes, kè lanan bapa rada kasamaran, asa-asa geus papanggih!”

Saoer Djaka Tingkir: „Manawi”. Ari saor K. A. B:

„Ke, ari agoes tèh anoe ti mana tèa. djeung koemaha noe matak ajeuna djol ka lebah dieu?”

Koe Djaka Tingkir ditjarioskeun jèn andjeunna ti Demak keur noedjoe ngalalana, nJORANG kaprihatinan.

Ari saor Ki Ageng Boetoech: „Tapi

naha bet oedjang mana sarimbag djeung doeloer bapa. Bapa tèh boga doeloer sagoeroe, djenenganana Ki Ageng Pengging, sapamoeloe sadedegan sakaroepa pisan djeung Agoes, ngan katjèk ari itoe doeloer bapa geus aja oemoer; naha aja bae-baena kitoe Agoes ka dinja?

Enggal diwaler koe Djaka Tingkir: „Ari koe panjariosan sepoeh anoe roemawat mah manawi dipertjanten, èta Ki Ageng Pengging tèh, nja bapa abdi. Ngan abdi-abdina pisan poetrana tèh”.

Ngan gabroeg baè Djaka Tingkir dirontok koe Ki Ageng Boetoech bari ditangisan, sarta saorna: Paingan, teu salah sangka, da barang rèt ogè bapa tèh teu beunang dipaling asa gok djeung ama Agoes, paingan atoech ari poetrana mah. Bisi Agoes teu njaho, èta ama Agoes tèh doeloer bapa, doeloer sagoeroe, èstoe doeloer lahir batin. Barang bapa meunang bedja jèn andjeunna tilar doenja, boeroeboeroe doeloer bapa, Ki Ageng Ngerang miang manggihan ka Pengging, oedjang arèk dirawatan ka dieu, ngan kapoosan Agoes geus ditjandak mantèn ka Tingkir. Hajoe ajeuna mah oerang maroelang baè, engkè di lemboer oerang tjarita deui!”

Sasoempingna ka Boetoech, sarta saporantos Djaka Tingkir ngadadarkeun lalakon salira, enggal K. A. Boetoech ngawartosan ka Ki Ageng Ngerang, nja sadèrèkna kènèh, sapawiridan sareng Ki Ageng Pengging anoe pada nampi tètèsan wedjang kasampoeran ti Wali.

Saparantos Ki Ageng Ngerang ngadangoe toetoeeran lakoe Ki Djaka Tingkir kitoe, jèn harita keur karoengroengan liwoeng, koemambang dina toeggaraning galih, enggal dileledjar koe piwoelang, saorna:

„Oedjang, moega oedjang oelah arèk kahèmengan, pedah ajeuna mangsana nandang kasoelah, magar pinanggih reudjeung kanjeri, ngarandapan kasangsara, rasa kasarna soengkawa, èta poma awak oelah ngarasoela, komo moen djeung kapahoeng njeboet dikaniaja noe lian, da kapan taja geusan teumbleuhkeuneun, neumbleuhna lain ka deungeun, malindes ka poehoe leungeun, rek moentang moentang koe-

maha, da lain oetjing koemareumbi. Ari éta soeka doeka djeung soekingki, kapan nja-ta pelak oedjang, naha aja andar bet tani soengkan diboeat, dadahoet teu poeroen ngakoet. Rêa anoe teu roemasa kana dosa, da rasana karahaan, teurakna ngan kana salah, meped apes kana bener, toengtoeng-na ngalain lain. Marahmaj goembira soeka, apan moenggoeh moerangkalih, anoe geus biasa gemi, ari moeka roeas tjèng-tjèlènganana, anoe dieusi koe pitjis; tapi naha ari neundeunan katjoea, ana brèh moeka tjèngtjèlèngan kangèwa, bet teu seuri tjara tadi, ajeuna mah tjameroet baeud? Ari kahajang bapa mah, naon baè anoe koe oerang ditjèngtjèlèngankeun, dina brak diboeakana tèh, oelah aja matak doeka, kabèh ogè ngan tinggal soekana, da kapan beunang ngahadja oerang, oerang anoe melak éta, nja koedoe moepoe boe-ahna.

Kadoea perkara, tadi oedjang ngaraos beurat koe dosa pèdah mergasa anoe mènta djadi tamtama tèa; minangka geusan tambana, oerang nja koedoe roemasa kapan oedjang mah ngan darma, baloekarna mah teu koedoe henteu narima, papait paparin Goesti; asa dosa sotèh matak seungguh, matak wegah, éta mah tjeuk ki salah; tapi naha teu ngalirik ka noe ngajoega, teu mapaj ka kai dalang, boa orang anoe noeroet galoer, ninggang dipapajan enja tèa; tjeuk benerna anoe ngatoer mah, éta kitoe pikoedoeunana, ngan koe oerang teu kahontal koe akal da kahalangan koe asa tèa. Ari dina idjrahan Pangèran tèa taja lampah anoe moebah, ngan rasa oerang noe toena, ilahar di lahir mah asa salah, teu oeninga kana marga noe bakal djadi lantaran.

Tah ajeuna oedjang meunang saungsara, njandang wirang tjeuk oedjang, moega-moega baè éta kabèh ngan oekoer dododja kana nepikeun milik meunang kamoeljaan tèa".

DJaka Tingkir tjalikna di Boetoeuh parantos aja doea sasih, siang wengi teu aja petotna nampi woelang ti K. A. Boetoeuh, pamoekproek pameper napsoc, soepaja palèr ka .....

Tah ajeuna perloe oerang terangkeun heula, oerang soendakeun baè, soepaja tètèla oelah bangga teuing ngararampana, ambèh henteu matak bingoeng. Naon margina Ki Djaka Tingkir ditoendoeng ti Demak; naha enja tjarita anoe tadi tèh sahinasna, balaka satarabasna, atawa pe-sèkeun aja kadoea leutikna?

Tah sakalian di dieu dipintonkeun deui kabinangkitan karoehoen, barabatna para boedjangga medar tjarita, nadjan noe mangroepa babad, koedoe baè aja boekaeunana; da nja éta biasa tèa sok dipipinding sindir, njalindoeng kana siloka tara poksang tjeplak pahang. Noe dipalar sangkan poetra poetoe teu bolostong, oelah ninggang di sabongbrong, koedoe telik koedoe ilik saniskara koedoe dibaroeng koe soerti. Geura dina tjarita Djaka Tingkir ogè sihorèng lain salantjar.

Tadi parantos kaeninga pang Djaka Tingkir ditoendoeng tèh, lantaran Kangdjeng Soeltan bendoe, rèh Djaka Tingkir geus wawanianan newek Ki Dadoeng Hawoek oerang Kedoeng Pingit anoe hang djadi tamtama tèa.

Tapi ..... lamoen pèk koe oerang disasar diintip koe kasoertian tèa, geura engkè bèh baè senggak sorangan ..... : „euh, koetan! Sihorèng .....

Nja éta tina rikipna noe nganggit, lain rek ngoetjah ngantjèh tjètjèk-botjèk; enasna tjarita tèa mah njalindoeng, disalègorkeun kana silib, geusan mindingan oelah ngeblak teuing ka hoe lian.

Geura oerang Soendakeun dongèngna:

Aja oerang Kedoeng Pingit, malah ari nelahna pisan mah lemboerna tèh Kedoeng Pamingitan tjenah, ngarana Ki Dadoeng Hawoek. (1) Eta djelema èstoc

<sup>1)</sup> Ngaran Dadoeng Hawoek tèh, aja soerahna, Di Soenda ogè biasa apan makè omongan, ngaran atawa seseboetan koe sandi, seperti ka awèwè sok njaboet: **Enok. Enok** tèh asalna tina **nonok**, hartina: **bohogaan awèwè**. Komo **hoeloe seureuh** mah. Tjontona: tjeuk wakil lalaki: „Akangna mah datang ogè loegah-geuh pisan, ngan oekoer **mamangoel talotoeg!** Djawab wakil awèwè: „Sakitoe ogè lain loemajan moal moebah teu aja damelna, kavantoe gadoeh **kebon dina baloengbang bala sisina!**

Tembal wakil lalaki: „Noehoen atoeuh ari kitoe mah, kaleresan talotoegna **piloedjoeun** (haloe paragi ngaseuk) da geus beunag **ngaroeroehitan** sagala. Walon-wakil awèwè: Komo ari kitoe mah kaleresan pisan, da **kebon katjangna aseukaneun.**

gagak anoe enja tèa taja anoe kadoega ngajonan di sa Kedoeng Pingit mah, sipat kasatrian aja kabèh, goerat batoe soeroep kana tangtoengna. Koe Kangdjeng Soeltan katjida diasihna tina kaoeninga djadjatèna geus digadang-gadang kana pisenapati-eun, noe bakal djadi pamanggoel djoerit Ari roepana mingsal ti noe rèa, boga roepa matak gila; naha aja patoet kitoe, **rèhè ratoening djapiloes**, oejahna oejah man-tega; toeroeg-toeroeg èta koe **noeroes-toendjoengna** deui, dibèakeun koe sorangan, tamat **pikatjoeaeun** batoer tèh aja kabèh; Ari èta si **Rèhè** tèh oeroej kapintjoet koe pangkat tamtama, kabitaeun koe Djaka Tingkir meureun, kawantoe ari Ki Dj. T. tèa lain djorè-djorè Djaka Tingkir, teu aja doea di Demak mah, sarat sorot koempoel kabèh, katambah koe sok sar-soep ka karaton. Ari Kedoeng Pingit tèa, doeka bèh manaeun karaton, teu terang, ngan moal salah, oerang dinja tèh geus loma djeung Djaka Tingkir mangsa keur lalar liwat ka karaton tèa.

Djaka Tingkir oge geus oeninga deui ka si **Djapiloes** tèh, sarta **tjeutjeub** taja papadana, èta koe boga lèlèwa kitoe; alah aja matak keuheul matak geregeteun, goenoeng teu loetjoe, radja teu oejahan tèh saenjana: anoe mawi diarah dikakalakeun naker, ..... doka djadi kantanan keun sia keun sia. Tina seringna tepang toengtoengna mah moemoesoehan.

Ki Dadoeng Hawoek kapitana koe tamtama geus teu kaampeuh, tapi ari torodjogan oendjoekan ka Kangdjeng Soeltan mah taja petana, njá waktja ka noe loma tèa baè ka Djaka Tingkir koe andjeun.

Barang Djaka Tingkir nampi anoe soroh, asa ditogtog tjongtjot tèh saèstoena, da poegoeh dikakalakeun ti barang tepang tèa, nja teu kantos oendjoekan deui ka Kangdjeng Soeltan, oedjoeg-oedjoeg habek baè ditibanan keris pantjaroeba, tepl ka babar sapisan. Ari tjongtjotna tèa hekak baè dipoerak teu didoan heula.

Tah, ana kaoeninga koe Kangdjeng-Soeltan, ger baè goejoer. Tapi Djaka Tingkir djeung Dadoeng Hawoek geus teu bisa pisah deui, kabeulit koe ..... doeriat.

Nja Djaka Tingkir ditoendoeng teu meunang aja di Demak .....

Ngan kiat doea sasih Djaka Tingkir di Boetoeahna tina abot tibelat ka oerang Demak, nja ladjeng baè moendoet widi ka K. A. Boetoeah hojong njelang angkat ka Demak heula. Koe K. A. Boetoeah teu dikorètkeun, malah dihadja didjoeroeng lakoe, sakalijan dipiwarang nalèngtèng ngolongan oerang karaton, soegan djeung soegan Kangdjeng Soeltan geus lempor bendoena, kersa ngahapoenten nampi deui kana kaloenggoehanana kapoengkoer, Djaka Tingkir kedah kebat koemawoela.

Barang Djaka Tingkir parantos aja di dajeh Demak, andjeunna kènging dongdonan jèn Kangdjeng Soeltan teu atjan lipoer bendoena ka salarina. Sadajana sanget pada mikawelas ka Djaka Tingkir, sarta ngahatoeran wawadi sangkan ènggal ngantoenkeun deui Demak oelah lami lami aja di nagara, inggis kaèmpèr-èmpèr ka Kangdjeng Soeltan, bilih aja matakna ka salirana. Kadjabi ti si èta tèa saerang, anoe moentangan tèh keukeuh hajang oelah pisah, lahlahan koemaha bèhna ..... Tapi dina manah Djaka Tingkir, tetep moal ngabarobahkeun nagara, ngan moal pegat ihtiar sangkan tjaina hèrang laokna beunang.

Djaka Tingkir djengkar ngantoenkeun deui Demak, manah njorèang ka toekang waas kelar kasilir ketir, tibelat koe noe dikantoen, angkat taja tangan pangawasa, tina teu kiat nandang soengkawa, moen kasawat tèa mah keuna koe kantjeuh, karoegrang langkoeng ti basa moenggaran. Nanging tina tawekalna merangan kaprihatinan, keukeuh nikreuh ngadjoegdjoeg ka Pengging, bali geusanna ngadjadi tèa.

Sasoemping-soemping ka Pengging, boes loemebat ka pasaréan ramana, semèdi soedjoed ka Goesti moentang ka anoe ngajoega, neneda hajang meunang terboeka, geusan ngaloebarkeun panggoda tjotjoba salira.

Opat dinten opat wengi Djaka Tingkir njoeoh di toendjangeun makam rama, ka lima wengina antawis koelem djeung ta-

II n012 181  
382

ngi andjeunna ngadangoe soara tan katingalan, oengeln: „Oedjang, montong dipakè leutik hatè, djoeng baè ajeuna mah geura miang, ngidoel ngètan pernahna noe koedoe didjoegdjoeg; Engkè bakal pidatangeun ka dèsa Getas, sarta bakal pampang djeung Ki Boejoet Banjoe Biroe Tah ka dinja oedjang koedoe masrahkeun salira, toeroet sawoeroekna, karana nja andjeunna noe bakal ngalantarankeun kana laksana sapanedja awak”.

Barang Djaka Tingkir ngadangoe soara kitoe, koredjat goegah, larak lirik teu aja noe katingali kadjabi ti paèsan, nja teu diengkèkeun deui djoeng baè angkat sapanoedohan soara tèa. ....

Sigeg anoe keur loemakoe, katjarios di Banjoe Biroe aja pandita anoe keur tatapa, djenenganana katelah Ki Boejoet Banjoe Biroe. Eta pandita kagoengan poetra poeleng djenenganana Ki Mantja, poetrana pandita Djabalèka, katjida diasihna sarta geus ditibanan sagala elmoe. Dina hidji dinten Ki Boejoet sasaoeran ka Ki Mantja, saorna: „Oedjang, geura sasadian karana oerang bakal katatamoean koe hidji satria, terah Madjapahit poetra Ki Ageng Pengging, nja èta nonoman anoe karoengroengan wahjoe kaloehoengan, bakal mangkoe kadaton di Padjang, djadi ratoe njakra wati, noe baris dipatihan koe manèh pribadi”.

Teu sakoemaha lamina ti wangkid harita Djaka Tingkir soemping ka Banjoe Biroe sarta geus ditampi diangken poetoe koe Ki Pandita. Ki Mantja djeung Djaka Tingkir èstoe lajeut saaleutan geus kawas doeloer pet koe hini baè, pada sehoed kana nampi woelang kaoetamaan. Tiloe sasih lamina Djaka Tingkir aja di Banjoe Biroe. Dina hidji dinten Ki Pandita sasaoeran, saorna: „Oedjang, ajeuna geus ninggang mangsa Oedjang koedoe miang ka Demak, karena geus aja kelemeng pilantaraneun awak baris disambat deui koe Soeltan, djig bareng djeung Ki Mantja. Djeung ieu aki mèrè pisarateun, taneuh sakeupeul, anoe koedoe diheungheumkeun ka Maèsa danoe, sina ngamoek Tangtoe moal aja hidji oerang Demak anoe bisa meunangkeun èta maèsa danoe

noe bakal ngaboerak-barik karaton. Ngan koe manèh pibeunangeunana tèh, koe tarekah noe gampang naker, nja èta kaloerkeun deui baè toembalna tina heungheumanana, tangtoe dadak sakala waloeja deui moal sakara-kara”.

Enggalna Djaka Tingkir geus djoeng nitih rakit djeung Ki Mantja sedja angkat ka Demak. Dongkap ka Boetoe lirèn heula, sarta harita koe Ki Agoeng Boetoe katingali geboerna tjahja soemrot tina pameunteuna Djaka Tingkir, wahjoe anoe toemoeroen. Saparantos nampi woeroek, djoeng Djaka Tingkir angkat deui ti Boetoe ngadjoegdjoeg ka Demak. Mangsa harita Kangdjeng Soeltan keur masanggrahan, matjangkrama sapoetra garwa di Prawata.

Djaka Tingkir parantos metakeun sarat pasihan pandita, geus dek diheungheumkeun ka hidji maèsa danoe, sarta dadak sakala èta maèsa ngamoek ngaboerak-barik pasanggrahan Prawata.

Kangdjeng Soeltan bingoeng, aja kadjadian kitoe, toeroeg-toeroeg Nji Maèsa ngamoek teu aja eureunna, manan soeda kalah tambah; tamtama sareng para gege-  
doeg geus tètèr teu aja anoe bisa meunangkeun inja.

Kangdjeng Soeltan ngadangoe anoe njarios jèn Djaka Tingkir aja di Prawata itjal bendoena, malah mandar kènging di koemahaan palakiah pinangkupen maèsa noe ngamoek tèa. Kaleresan dina hidji dinten Djaka Tingkir katingali pisan koe Kangdjeng Soeltan, atoe harita kènèh ditimbangan disaoer, didawoehan koedoe meunangkeun maèsa anoe ngaroeksak tèa.

Djaka Tingkir oedjoeg-oedjoeg sanggem, oendjoek soemangga baè, sareng harita kènèh ladjeng singkil ngajonan maèsa ngamoek, gampang leuwih ti babari, da barang toembal noe diheungheumkeunana dilaan, hih bèrès baè maèsa tèh lindèuk deui teu sakara-kara. Atoeh Kangdjeng Soeltan sanget bingah galih, malik asih ka Djaka Tingkir malah ladjeng ditjandak deui ka karaton, dipoelang koe kaloenggoehan anoe langkoeng ti ka poengkoer, toengtoengna mah tepi ka dipoeloeng mantoe. Ahirna nja madeg ra-

dja di Padjang tèa. ....

Rèa kènèh sosompang tjarita, anoe djadi marga lantaran Djaka Tingkir diasih deui sarta tepi ka dipoeloeng mantoe tèh, nja èta katingali karongkahan Dj. T. di pamoroan, bisa nèwak bantèng, bisa mawa kidang leuweung hiroep-hiroep kakaraton, bisa njokot seupah anoe keur dilemar koe prameswari ti karaton, toer haneut kènèh disanggakeunana ka Soeltan di pamoroan, sareng djabi ti èta. Tapi èta sempalan tjarios noe bieueu tèa moal didadar sadaja.

Nja kitoe deui naon **soendana** èta maèsana danceo ngamoek keuna koe pamakè, beunangna deui koe Djaka Tingkir tèa, èta ogè moal dipesèk dibédjér-bèaskeun, da kènging disasar dirarampa, moal boa èta tèh pangparatanana lalakon oerang Gedong Pamingitan tèa. Nji Dadoeng Hawoek ngamoek, meureum. ....

Ajeuna oerang ladjengkeun tjarios Ki Gedèng Pamanahan, anoe geus meunangkeun Aria Djipang sarta geus dipaparin tanah Mataram koe Soeltan Padjang.

Koe lantaran Ki Gedèng Pamanahan geus njepeng tanah Mataram, nja djenganganana ogè ti harita mah nelahna Ki Gedeng Mataram (K. G. Matawis). Tanah Mataram leuweung geledegan kènèh, nepi ka K. G. Pamanahan koedoe ngadangkal ngababakan koe andjeun. Tapi nadjan bangga teu pisan dianggo seungguh atawa wegah, èstoe anteb pertjanten kana dawoehan Goeroe, nja èta Soenan Giri, anoe geus ngandika kieu: „Nja ti Mataram engkè medalna piratoeun anoe bakal lana marèntah sakoeliah tanah Djawa tèh. Mataram pinagaraeunana”.

Koe margi djoemoengdjoeng kana dawoehan Goeroe K. A. Pamanahan teu aja petotna neneda sareng oesaha sangkan laksana sadawoehan tadi, oelah tepi ka djalir njolèdat kop koe anoe lian, tjepek paribasa tèa mah, lantaran djagangna koe oerang, djagongna hajang oelah tepi ka dirandjah batoer.

Èta margina K. A. P. siang wengi teu petot moentang ka Pangèran, tatapa moedja semèdi. Katjarios èta K. A. Pa-

manahan kagoengan sadèrèk sagoeroe, anoe geus teu asa djeung djiga, djenganganana Ki Ageng Giring, madèpokan di Giring Goenoeng Kidoel. Damelna di dinja nja kana mandita deui; sarta teu lirèn ngolah salira, neneda ka noe kawasa, koe hajang laksana kagoengan toeroenan anoe iasa ngaheudjeuk dajehuh madeg radja di sadjawa, sakoemaha anoe geus kadangoe koe andjeunna ti goeroena, Wali Soenan Giri tèa.

Djadi batinna mah K. A. Pamanahan sareng K. A. Giring tèh keur balap mareboetkeun tanah Djawa.

Dina hidji dinten isoek-isoek nalika K. A. Giring keur nèang sadapan — kalapa anoe disadapna, kawantoe andjeunna tèh ngabaroeng djeung djadi panèrèsan, bet ningali sadapeunana bocahan, aja doewegan noenggal anoe teu katingali ti kamarina Sabot keur bengong ngamanahan kalapa, bet ngong aja soara tan katingalan, anoe oengelna: „Ala èta doewegan tèh, sarta inoem bèakkeun tjaina, sabab di djerona eusi wahjoe piratoeun, sahasaha anoe nginoem èta, tangtoe nja èta noe pinoeroenkeuneun Radja Djawa!”

Ngadangoe soara kitoe, K. A. Giring teu rèa saoe, ngan tèrekél baé kalapa tèh ditaèkan doeweganana geuwat diala. Dina galihna nganoehoenkeun ka noe kawasa, rèh asa kaboel noe dimaksoed. Tapi lantaran harita isoek kènèh, doewegan tèh ngan kakara dikoepas baé, teu atjan dileueut, tina inggis teu sèèp, ladjeng baé ditjandak moelih, rèk diarot pabeubeurang dimana keur hahanaangna.

Di boemi sok diteudeun dina para seuneu dititipkeun ka garwana, ngan teu ditjarioskeun rasiyahna. Ti dinja mah ladjeng baé andjeunna angkat deui ka leuweung rèk ngababad pihoeum.

Katjarioskeun wengi èta Ki Ageng Pamanahan mentas moedja samede njepi salira di Goenoeng Kidoel, èndjing-èndjing nembè loegaj, ladjeng loengsoer badè moelih. Di djalan andjeunna sindang heula ka boemi K. A. Giring, sono tina geus lami teu tepang. Nanging njondong K. A. Giring teu aja geus angkat ka leuweung tèa, ngan aja garwana baé.

II n°12

188

386

Tatamoe diangken koe priboemi sabi-asa ka sadèrèk, anoe tjonggah pada tjonggah tèa.

Ari saer K. A. Pamanahan: „Lah, koe hanaang koering mah atjeuk, tjing mana legèna, tamba halabhab!”

Tèmbal priboemi: „Hih, poegoeh teu naheur isoek ieu mah, da kakana balik lèngoh, ngan hajoh bae ngandjingdjing-djingdjing doewegan, dipihapèkeun ka atjeuk, toeh di para seuneu!”

Saer sèmah: „Keun baè doewegan ogè, teu aja lahang mah, ieu tikoro mani asa toehoer; keun da moal njeuseul kakang ogè doewegan-doewegan baè mah Tjing, poenten ka dicu oerang poerak!”

Enggalna sok koe priboemi disangka-keun, legoek dileueut ditotor koe tatamoe nepi ka kosong pisan, tina ninggang keur hanaang tèa.

Doewegan sèèp, koeloetrak K. A. Giring soemping rèk ngaleueut teuteundeunan tèa.

Barang gok njampak tamoe, atoeah ger baè ngawangkong sakoemaha biasa sasari, pada sono rèh geus lawas teu tepang.

Ari rèt K. A. Giring ningali doewegan geus ngagolèr, ènggal mariksakeun titipanana ka garwa. Atoeh paralak koe garwana ditjarioskeun, jèn geus disoegoehkeun ka tamoe. Ari dikoentjlangkoentjlang doewegan tèh koe K. A. Giring geus kosong teu njèsa saketjlak-ketjlak atjan.

Ki Ageng Giring sadjongdjongan mah ngahoeleng teu iasa sasaoeran, harendeg bati handeueul, handjakal taja papadana.

Koe andjeunna diwaktjakeun ka Ki Ageng Mataram rasiah doewegan tèa, sarta diririhan dihaben dikoerihit soepaja toeroenan Giring oelah tepi ka njamos teu pisan ngarandapan èta kamoeljaan.

Nanging K. A. Mataram teu iasa djang-dji kantoen koemaha kadarna, koemambang ka noe kawasa. ....

## Lebaran.

Oenggal taoen oerang sadaja pada njo-rang riaja dina ninggangna mangsa bada toetoep poeasa, anoe ilahar diseboet lebaran tèa. Koe bangsa Eropa mah dipadjarkeun taoen baroe, èta lebaran tèh. Roepina baè lantaran saralah sangka, maroekan ari lebaran tèh kamonèsan tawis ganti taoen tjara ping 1 Djanoeari.

Naha naon atoeah ari lebaran tèh saenja-enjana? Nilik kana oenina ketjap, di dinja ogè geus ngandoeng harti anoe matak hèlok. Naha lebaran tèh asal tina ketjap nana? Eta kitoe, pèdah dina poè èta tara aja kalebar? Atanapi, asal tina loebar, atawa kalebar? Atanapi, asal tina loebar, atawa tina boebaran mentas poeasa? Mana anoe bener?

Keun heulaanan, ngoedag harti oetjapna mah oerang toenda baè, ajeuna mah oerang pesèk èta baè karepna, pang dina mangsa èta makè rijaja.

Meureum tjeuk anoe maraos: Rèk dipesèk naonana, rèk ditètèlakeun koemahana deui lebaran tèh, sakitoe geus nèmbrès ètjèsna, jèn èta tèh pèsta agama, riaja Islam, mapan boekti diajakeunana ogè dina mentas poeasa.

Tah, nja èta anoe djadi lantaran pang merloekkeun ngoengkab èta riaja lebaran tèa ogè, tina asa teu aja pesèkeunana. Tapi ..... naha enja riaja di dinja tèh parèntah agama? Naha teu aja tjangkaroe Hindoe, pasèsaan Boeda anoe kababawa di dinja dipakè ngalambon parèntah sara? Ningal latjak noe biasa, aloer anoe geus ngabakoe, moenggoeh di bangsa oerang mah, dina prak-prakanana metakeun kabiasaan, anoe madjar parèntah agama tèa, ari geus di goear mah, sihorèng kanjahoan jèn rèa anoe pase-loek, boeh-bèh mana Arabna kapendak mana Boedana, katambah koe adat baheula deui, anoe teu aja dina hadis atawa lapadna. Geura tingali dina kapapatènan, dina kawinan, dina sagala roepa baè pèndèkna mah, anoe teu kakoerang koe roekoen, koedoe baè makè aja kaselapanana



koe talari boehoen, pasèsaan agama anoe ti heula tèa.

Tah dina lebaran ogè kawasna nja kitoe.

Geura oerang bèrèndelkeun sadajana kabiasaan anoe patali sareng lebaran tèa, anoe sok kalampahan kènèh ajeuna.

1. Mamaleman; oenggal malem likoeran gangsal koedoe baè dileuwihkeun ti biasa. Raang sarèra njareungeut damar di tepas, di boeroean malah aja anoe di kebon nanaon. Anoe baroga mah merloekeun njadiakeun kadaharan keur hadjat, atawa anteurkeun ka masjid atawa ka tadjoeg.  
Baheula di kota-kota mènak-menak sok bagilir malemna. Malem salikoer di Panghoeloe, tiloe likoer di kapatihan, malem salawè di kabopatèn, sareng saladjengna. Ngan sanggeus nindak djaman tigrerat, èta adat di-toenda koerang pakeunna, meureun.
2. Piisoe Kaneun lebaran, tanggal 30 Poeasa, diseboet poèan meuntjit. Oenggal imah koedoe baè peupeuntjitan, apesna pisan hajam, anoe baleunghar mah embè radjeun moending atawa sapi; komo ari di kabopatèn-kabopatèn mah.
3. Dina mèmèh lebaran koedoe baè mareuli papakèan weuteuh. Nja harita doenoengan makèanana ka bédèga, anoe mampoe marèrè ka sanak kadangna. Djadi adat mawakeun ka kolot-kolot, silih tèang silih andjangan.
4. Di dajeh poèan lebaran tèh raramèan sodor senènan. Mènak-mènak sa-kabopatèn toengkeb ka nagara, di aloen-aloen ramè maèn reboetan, ngadoe domba, ngadoe bagong, djeung sadjaba ti èta.
5. Djelema-djelema nadran (ngembang) ka koeboeran. Ka kolot-kolot atawa ka sakoer noe wawoeh moendjoengan, pada mènta dihapoera dosa.
6. Tanggal 8 Sawal lebaran deui, anoe biasa diseboet lebaran Sawal. Di Djawa diseboet riaja koepat.

Tah kitoe lebaran tèh boengboena, henteu ditjaroskeun ari toeroen imbar sareng walilatna mah, nja kitoe deui ngintip boelan nètélakeun

roe'jatna tèa, èta ogè diliwat, da henteu aja lambonanana, kawasna.

Ajeuna dina èta anoe kaengel bieu tèa, mangga oerang pasing-pasing mana Arabna mana Madjapahitna, noemoetkeun katrangan Radèn A. A. Kromo Djojo Adinegoro Kangdjeng Dalem pangsioen Modjokerto, anoe didadar dina Oudheidkundig Verslag 1923.

Andjeunna mapajna sareng njoektjroekna raratan lebaran tèh, ti keur djadi boepati kènèh, tapi nembè mendak katrangan anoe keuna enja, sanggeus loegaj tina damel. lantaran ajeuna iasa djongdjong ngoengkab pararaton sareng toelisan-toelisan koena anoe dina batoe miwah koropak koropak tilas baheula. Ari anoe djadi poko pamoeka katrangan, nja èta:

A. toelisan dina batoe patilasan baheula, anoe kapendak ti dèsa Djijoe apdèling Modjokerto, anoe titi mangsana taoen Saka 1408, ninggang taoen Walanda 1486, oengelna: Girindrawardana, ratoe Kahoeripan (nja èta nagara anoe engkèna diseboet Djanggala sarta ahirna noe djadi dajèuh Koetagirang, kiwarina aja di apdèling Modjokerto) ngadegkeun poedja Craddha (hartosna ngadegkeun korban; meuntjit sato pikeun hatoerkeuneun ka sesembahanana), dina boelan Kartika (nja èta boelan sawal).

B. Tina katrangan anoe kapendak dina boekoe Nagara Krtagama sareng Pararaton, oengelna: Haijam Woeroek, Ratoe Madjapahit, ngadegkeun poedja Craddha (pesta korban anoe panggedéna) ti awit tanggal 4 boelan Bhadra (ninggang dina boelan Rewah) taoen Saka 1284 (= taoen Walanda 1362) geus nimbalan ka sadaja para radja-radja bawahan (Madjapahit) koedoe njadiakeun sasadjèn djeung bakti poedjakeuneun, sarawoeh papaès keur ngahias nagara (karaton) sajian pesta agama. Dina ping 12 na breg poepoedjian anoe djadi poedjian didadar, der pest agama sakoeliah nagara, dibaroeng koe sasadjèn sasadjèn djeung peta sembahna, ngagajoe lelemboet ti kahijangan, ... Heuleut tiloe dinten ti harita ninggang dina boelan poernama, endjing-endjing, Kangdjeng

Radja magelaran di pendopo nampi sadaja noe ngadeuheusan. Toedjoech dinten lamina ti mentas magelaran tèa, teu lirèn saban dinten ngabagi-bagikeun doeit, papakèan, kadaharan, ka sadaja djelema, tepi ka toetogna pèsta lirèn sagala karamèan.

Tah kitoe ringkesna lebaranana baheula mah, ti alam bèh ditoeun Madjapahit kènèh, nja éta djaman Ratoe Sendeok, djeung Radja Airlangga ngasta karadjaan anoe kawentar kakontjara tepi ka ajeuna tèa. Nadjan anoe natrat dina tjarita mah, anoe kagoernita tèh ngan woengkoel nagara Madjapahit, tapi saenjana geus ngadeg nagara djeung geus aja radja anoe saheulaeunana, anoe koe oerang teu ara diseboet-seboet. Tapi ari adat-adat djeung kabiasaan tèa mah geuning tètèla lain ti Madjapahit baè, tapi rèa anoe geus ti bèh ditoeun Madjapahit kènèh.

Tah tjing ajeuna oerang soeroepkeun kana lebaran anoe kabiasakeun kènèh tapi ka kiwari tèa.

1. **Mamaleman.** Ilahar dieunteupkeunana ajeuna kana megat Laèlatoer-kadar, hadjatna diidjabkeun ka Hasan Hoesèn djeung ka para sahabat noe opat. Tapi ..... lamoen oerang ningali mamaleman di Djogdja djeung Solo, tangtos keukeuhna sangka kana éta adat waris kamadja paitan tèh langkoeng pageuh tinimbang di dieu. Margi ngawitanana ninggang pisan, pisapoeloh poeùn deui kana pèsta tèa tjara di Madjapahit baheula, kadoea dina prakna pèsta malem di Djogja mah kieu:

Taboeh opat siang parantos ngabroel sadaja pangkat kasoeltanan ti pangagoengna tepi ka pangkat leutikna, koempoel ka aloen-aloen. Para mènak loehoer di aloen aloen pajoen, para pangkat handap di aloen-aloen poengkoer. Saroempingna ka aloen-aloen nganggo kabesaran, pajoeng toembak, bari ngiringkeun dongdang katoeangan. Ieu tètèla adat Madjapahit oeroet beheula sajagi sasadjèn tèa, anoe ganti roepa siga Islam.

Sadajana mènak-mènak hèmpak tjaralik di sakoeriling toeroet sisi aloen-aloen tèa dina lampit atawa alketip tjandakna majonan pamasangan, dihapit koe lampoe

doedoek, poengkoereunana mendoeng sèrèt kadjenengan diaping èpok djeung toembak.

Aloen-aloen anoe sakitoe legana tèh sakoerilingna pinoeh koe para mènak marando marendeko, ditingal ti kaanggangan moetoeh koe matak waas matak loetjoe. aloen-aloen tèh siga ditarètès koe tjahaja lampoe diparada koe sinar pajoeng djeung toembak. Sapoengkoereun anoe tjaralik, djedjel djelema anoe laladjo. Di aloen-aloen poengkoer ogè nja kitoe, malah aja tambahna anoe ngareuntjeum-reuntjeum paningal, nja éta papakèan ponggawa handap, satempah beureun kareueut, sadjadjar deui hédjo ngagedog, aja sagoendoek anoe baradjoe woengoe, sabaris badjoena belang borèlèng, siga pisan palasir di pasisian, papaes rèrègan di papadangan.

Kinten taboeh lima langkoeng garoedoeg Kangdjeng Soeltan nitih karèta ditarik koe koeda genep, lopor djeung Koelaèr ginding makè pakèan didjepit pasmèn. Pangheulana soldadoe taroempak koeda maratek pedang, makè topi boeloe-boeloe ombjok emas atèlana pasoeranteng, ditèma koe karèta anoe dititihan para poetri anoe njandak sawoeng galing karadjaan, saparantos ieu nembè karèta K. Soeltan, di poengkoereunana broel deui soldadoe tjara keur baris parada, ari sapoengkoereun eta, para pangèran karaton, aja lawèna poetra poetoe sareng kapi-kapi K. Soeltan, taroenggang koeda paginding-ginding pakasèp-kasèp, lantjingan soetra njangkèk tekoe, panganggo kasatriaian, koeda njirig manggoet-manggoet, moetoeh koe matak kajoengjoen.

Eta karèta sapangiringna tèa ngoerilingan aloen-aloen, ti pajoen ladjeng ka poengkoer. Samoelihna K. Soeltan sadaja ladjeng baè boebaran. ....

Tah geuning, bèh baè Madjapahitna katingali!

2. **Meuntjit.** Naha oenggal lebaran bet koedoe baè peupeuntjitan? Noemoetkeun agama atawa adat Arab, teu aja atoeran meuntjit, atawa korban dina lebaran mah, djadi tètèla ieu mah tilas baheula, pasèsaan Madjapahit waktoe keur sok poedja-crad-

1 nadran = ngembang ka kuburan < Ar. <sup>نادر</sup> = Hoom

dha tèa, toeroen toemoeroen tepi ka ajeuna.

3. Meuli papakèan, mawakeun, mapahadja ka menak, silih bèrè silih kirim kadaharan dina lebaran ieu teu aja moenggoeh di oerang Arab mah, tetèla sanès bawa ti Arab, tapi pitoein ti Madjapahit pasésaan alam radja ngabagi-bagi doeit dj. s. t. ka sapangeusi nagara, oeroet djelema koempoel ka nagara tèa. Sarentagna Madjapahit, èta mah adat tèh teu pegat, toeroen toemoeroen tepi ka kiwari, pageuh napel teu laas keuna koe djaman.

4. Raramèan dina poèan lebaran teu kapendak di Arab mah, sapertos: ngadoe bagong, senènan, maèn reboetan sareng sodor, ieu taja sanes awitna tawis pangeling ngeling ka alam pèpèstaan raramèan di dajauh Madjapait baheula mangsana pèsta korban tèa anoe ajeuna kari sèsana. Da moenggoeh oerang Arab mah mentas toeroen imbar tèh teu ara pèsta raramèan tjara oerang, ngan sahajoena baè, teu makè naon — teu makè naon. Nja kitoe deui di Arab mah teu aja silih bèrè silih andjangan doehas deuheus tjara di oerang tèh, djadi tètèla lain adat bawa deungeun.

5. Nadran. Ieu mah komo satjèrèwèlènà ketjapna ogè. Apan èta nadran tèh nja asal tina ketjap Craddha tèa, alam oerang keur sok moedja baheula, da di Arab mah teu aja makè nadran-nadran kitoe tèh, ieu mah Madjapahit pitoein.

Ieu adat, ka bangsa Eropa ogè tèpa, nja èta rèa anoe sok ngembang ka koeboeran anoe teu ara kalampahan di Eropa.

Di oerang nadranna tèh biasa sabada lebaran kabakoena dina poèanana, tapi di Djawa mah loembrah kènèh waktoena ogè ngoekoehan kabiasaan baheula, tèa nja èta njekar ka koeboeran dina boelan Rewah katompèrnakeun, lantaran nja dina boelan Bhadra (Boelan Badra = boelan Rewah) apan baheula tèh moedjana.

Sabada toeroen imbar oerang sarèrèa pada moendjoengan basana, ka sepoeh, ka saloehoereun toengtoengna nja ka sarèrèa baè, pok pokanana:

„Moegi aja sih hapoenten kana samoe-daja kalepitan abdi ageng alit ti doenja doegi ka ahèrat .....!”

Ari tjeuk sawarèh deui:  
„Abdi soemedja njangakeun kalepitan ..... moegi aja sih hapoenten .....!”

Komo oerang sisi di pakampoengan mah, sasalamanana tèh pandjang naker makè: **ti loehoer saoesap ramboet, ti handap saoesap dampal,** sagala roepa.

Koemaha noe mawi kararitoe pokpokanana? Teu aja sanès kadjabi ti noemoetkeun adat asal tèa, imanna dina prakna moedja baheula, niat ngaleboer dosa mitjeun rereged anoe djadi panggoda Anoe mawi oerang mah tara njalametkeun, makè kasih salamet lebaran, da lain ka dinja soeroepna, lain anoe kitoe sasakalana, tapi koedoe ngaleboer dosa, silih hampoera djeung papada djelema. Ana prak diganti koe kaom moeda, toetoeoet moending ka deungeun, hajoh makè kartjis anoe ditoelisan p. f.”, sareng p r.” atoech lain-lainna deui djeung oerang mah, itoe ngalèr oerang ngidoel. Tampolana èta anoe kagoengan kartjisna ogè, teu iasa-iasa atjan ngoenikeunana p.f. atanapi p.r. tèh, komo kana hartosna mah, ngan toetoeoeti tèa baè, teu oeninga kagoenganana koe andjoen teu èlèh koe p. f.).

Moenggoeh koekoeh pengkoehna kana njekel bener sipat karoehoen tèh, koe oerang montong diropèa montong dioedar, da geuning nadjan koe agama pisan teu onggèt-onggèt atjan, oekoer siga pindah roepa, nanging tetep tjiri bawana ngadjadi, teu laas koe poepoelasan.

6. Lebaran Sawal, atawa sok diseboet lebaran Koepat.

Di Priangan arang anoe hadjât koepat, dina lebaran Sawal. Tapi ari di Banten, Batawi, Tjirebon sareng di sakoeliah tanah Djawa anoe sanès ti Priangan mah, ilahar sok hadjat koepat dina lebaran èta tèh, dalah dina lebaran Poeasana pisan nja radjeun ngaroepat baè sarèrèa hadjatna tara noempeng tjara di Bandoeng.

Di Djawa mah dina lebaran Sawal tèh aja deui anèhna, nja èta koepatna tèa di kongkorongkeun heula koe baroedak angon kana beuheung moending atawa sapi angonanana sina rantoej, engkè pabeubeurang kakara diparokerak.

Geura oepami koe oerang dipapaj, naha

II 092

Bulan Bhadra - taun Surja, bulan ka 8 = Agustus 1877.  
x) Lain " " " Islam 388

ari di Arab aja koepat, aja djanoer tjara di oerang?

Oerang Mekah teu ara ngoepat, teu ara hadjat dina boelan Sawal. Doepi éta hadjat lebaran Sawal, nja éta pasésaan alam Madjapahit tèa. Baheula geus djadi biasa heuleut toedjoeh poè ti mentas. Radja magelaran sok ladjeng noetoepeun pèsta koe ngabagi-bagi doenja barana. Hadjat koepat teu aja dina boekoe-boekoe baheula, aja ogè sok ngorbankeun sato soekoe opat, nja éta koeda sapi moending, anoe maksoedna keur toelak bala.

Baheula mah keur alam Djawa moerba, rèa koeda rèa sapi rèa moending; tapi koemaha kabèh — dieunakeun? Tetepna adat ngan kari dina basa, soekoe opat hajang oelah leungit, nja diringkeskeun djadi koe (= ringkesna tina soekoe), pat (= ringkesna tina opat) djadi oeroet korban soekoe opat tèh ana digantian koe koepat tèa baè asal teu leungit ketjap. Éta margina noe mawi di Djawa mah sok disaratan heula koepatna dikongkorongkeun kana beuheung moending atawa sapi.

(Kitoe dina kirata Kangdjeng Dalem Modjokerto pangsioen tèa mah).

## Ngèsrèk.

Dina hidji waktos djisim koering diadjan koe hidji sobat laladjo ngèsrèk di noe kariaän di Bodjong; hidji dèsa padoesoe nan noe pèrnahna kirang langkoeng 4 pal ti pakemitan district Pameungpeuk (Garroet); enggalna djol dimanggakeun bac sarèng teu kintén atohna rèh bakal ningal noe anèh kitoe, da saemoer boeleud hoeloe djisim koering teu atjan ngarapan ningal noe disebat ngèsrèk, mani hajang geura bèh geura bèh baè, koemaha ari ngèsrèk tèh. Harita djisim koering njarita ka éta sobat jèn badè ngadjakan babatoeran anoe djadi prijaji B. B. sarèng Onderwijs, nanging koe éta sobat ditolak, sanggēma: „Lamoen oerang reureudjeungan djeung batoer soemawonna bangsa prijaji boh golongan B. B. boh golongan Goeroe,

tangtoe njamos lantaran kagamahan, karanana éta djalma-djalma wantoning oerang kampoeng padoekoehan, tangtoe arèraeun djeung sok sieuneun koe noe kasèboet me nak mah, tangtoe ngèsrèkna moal toeloes; djadi oerang mah oerang ngelemet baè, malah lamoen hajang toemaninah pisan, papakèan ogè koedoe njamoer, sabot laladjo mah koedoe biasa oerang ditoe baè ngarah teu katara sèmah”.

Gantjangna toeloej djisim koering mios, dongkap ka Bodjong tèh kira-kira wantji magrib, ngahadja rada beurang-beurang rèh di djalanna sieun, lantaran nJORANG leuweung sapapandjangna; nja kitoe deui teu wani beurang pisan bok bisi disangka noe arèk ngaharoe biroe kana paniatanana.

Di anoe karia tèh geus sadia balandongan meunang mapaèsan koe daoen-daoen, ti loehoerna makè lalangit koe boèh kasar; tempatna baroedak soenatan nja di djero balandongan éta kènèh makè papadjangan noe diképoet koe kasang djinēm boeatan karoehoenna.

Barang doer isa dor ngabeukasan bédil tjoeplis alamat mangkat raramèan, ari tabeuhanana teu aja deui lian ti terebang mani sababaraha poeloh rombong djeung dogdog, geus teu poegoeh dèngèkeuneunana.

Harita djisim koering njalindoeng doeaän kana dapoeran tjaoe-noe rada poèk ngarah teu katara; makè badjoe kamprèt diharoedoem samping polèng, bēndo diganti koe parèkos angka; djeung ongkoh kabēnēran harita tèh keur poèk boelan atoh teu aja noe nganjahoankeun, maroekan priboemi di dinja baè.

Di balandongan katingal aja sarombong terebang gedè noe toetoepeun koe koelit moending ènèng, ditabeuhna bing-broengbing-broek noe kaseboet njalawat TJANDRA WATI tèa, ari noe narèpakna rata-rata para aki-aki, bari ting araleu ngawih matak kèlar matak waäs, horèng kitoe karesepan oerang Soenda toelèn mah.

Si baroedak soenat (noe rèk dikariakeun tèa) ti papadjangan geus ditoeroenkeun toeloej sina ngigèlan terebang gēmbroeng tèa, igèlna ogè lain tjara igel dina cursus tapi igel djogèd, si leungeun boedak tèh di-

tjékél koe kolotna diatjoeng-atjoeng bari sina reureundeukan ninggang kana tabeuh. Sadjabana ti boedak kolot-kolot ogè mani pinoeh di balandongan tèh, pada miloe ma-iran ting rèngkènèk djogèd, igèl salawè. Malah harita katingal aja awèwè sagala noe miloe djogèd tèh, bédjana èta tèh ninina boedak ngalaksanakeun pakaoelanana, kala baheula basa èta boedak gering, pokna lamoen intjoena nèpi ka disoenatanana arèk kael didjogèdan. Ari senggakna sabot keur kitoe tèh mani rane „Wahèh, hètah-hètah, hējah-hējah”.

Sadjéro baroedak keur ngigel teu pètöt djalma awèwè lalaki ting solongkrong ka tengah pakalangan pada nareundeunan doeit kana bokor, masak, pikeun njètjèp boedak tèa atawa bagikeuneun ka noe nabeuhan.

Noe disoenatan tèh lain hidji doea tapi aja poeloehna, nja èta baroedak anak sanak barajana baè, noe koempoel ngahidjikeun ridjki ngarah teu hamboer bahan tjara karia pakeréntjilan. Goejoeb roekoen adat toetoroenan Soenda pitoein tèh di dinja mah teu atjan loentoer; geuning di sèdjèn tèmplat mah nepi ka aja kadjadian dina pèrkara karia papanas-panas paramè-ramè, masing djeung tatangga ogè lajang pada matjakal, taja lian lantaranana ngan koe rēnggang tali kasoendaan. Kana kitoe tèh oerang dinja mah rada aid.

Sanggeus baroedak rèngsè didjogèdkeunana, di balandongan toeloej sisingkir, erebang tjandra wati pindah ka tēpas mah, di dinja diganti koe terebang leutik (pitjoeng lingkoep) 2-3 rombongan, saasoepa bae. Sadjaba ti di balandongan, di piir ogè mani pinoeh koe sababaraha rombongan terebang kitoe, sarombongan-sarombonganna pada ngarioeng tjēmpor, darioekna iwarèh mah teu disamak-samak atjan ngagolèr baè dina taneuh, atawa disasapan koe bilik.

Koe djsim koering katangen aja sababaraha rombongan terebang noe datangna narengtoetan. Ditanjakeun, èta tèh onangan ti mana bet datangna kapandeurian? Ari walonna: „Ieu terebang noe sachieu seueurna karoroanana mah sanèh

ondangan, nanging karēpna baè saking koe resep resepeunana, datang pribadi, toer aja noe lalakon 5-6 pal. Padahal dongkapna ka dinja tèh tara disoegoeh disaè-saè oekoer dibèrè tjiatat sarēng lalawoeh sakadarna; parandènè kitoe di oenggal noe karia tara kirang-kirang noe darongkap ngaramekeun. Babakoena èta tèh noe niat mētjak pangabisana, da ari noe kirang djadjatenna mah terēbangna ogè sok keuna koe pangheureujan batoer, kajaning go-prok tèa, teu haroes, atanapi paseukna alaloedar, malah baheula mah doegi ka kadjantenan aja terebang maboer tina leungeun, tinggorolong ka tengah tegal da asalna koelit èmbè, nanging ari noe kitoe mah ajeuna geus teu aja, kantoen pèpèrètna baè.

Doegi ka wēngi pisan noe nērēbang tèh, beukti tjampoeh baè narabeuhna (nepakna) kawas satēngah teu èling, da moen naradjang di lebah oerang mah matak baritoe leungeun. Saking koe tjampoeh-tjampoehna kitab Bērdjangdji noe dianggo lajangna tēras disingkirkeun, kawihna digentos koe sisindiran; saporantos kitoe woewoeh midjah tambah tjampoeh, andjog-andjogna djoeng narantoeng narabeuh tērēbangna bari èngklak-èngklakan.

Dina oenggal rombongan geus tangtos aja baladna. Tah èta baladna tèh dina keur tjampoeh ting aladjroeg bari ngapoengngapoeng iket teu kanjahoan deui ngan sèrèpèt sèrèpèt baè kabeh pada marēsat bédog, noe rorèng beunang ngasah, dihan-tēm dikèsrèk-dikeureut keureutkeun kana pingping, kana leungeun, djeung ka saloear anggahotana baè teu aja noe diitjip-itjip teu dipilihan, toengtoengna boek-bek silih kadèk djeung batoerna, sēmoe baroenggaheun pisan.

Teu kintèn djsim koering paerna ningal baroedak silih kadèk, aja noe ting lalèkèk meuntjitan manèh, ngeurèutan letahna kainggis tèh sieun simprenge baè teurak doegi ka pegatna, koemaha noemboekeunana deui! Tapi ditingal sakitoe boek-bèkna tèh teu aja noe tjilaka saorang ogè.

Beuki tjampoeh noe njeunggakan, Hètah-hètah, hējah-hējah”, bari èmprak ming-

Handwritten notes in the top right corner, including the number '119' and some illegible scribbles.

kin tjampoeh ting salèbrètna mètakeun pakarang teu aja eungeun-eungeunna.

Lami-lami noe njenggakan tèh tajohna geus tjarapeéun, saporantos kirang noe ngahètah-hètah, gèk deui èta tèh sadajana darioek, nepak terebangna pada antja deui.

— „Tah noe kitoe”, sanggèm sobat, „noe disébat ngèsrèk tèh”.

Tjeuk djisim koering: „Naha ieu tèh sadajana tariasaen kana ngèsrèk? Bet ditingal-tingal sadajana teu aja noe kalaroeng pada tarabah kana ngaheureujkeun bédog noe sakitoe sareukeutna dipakè ka oelinan.”

— „Roepi-roepi, sawerèh tiasa sorangan sawarèh mah heunteu. Eta noe teu tiasa noeroet aob ka noe tiasa”.

— „Noeroet aob koemaha?”

— „Is kapan diantara noe sakitoe tèh, pada aja kékèntongna (kokolotna), dina samèmèhna ngèsrèk èta bódog-bédog sadajana koe kékèntong tèh ditioep heula didjampèan, soepaja oelah teurak kana koelit djèlema. Njoekoeurna èta pangabisa kitoe ka 40 djèlèma.

Masing oerang ogè lamoen daèk hajang miloe ngèsrèk, asal bédogna baè didjampèan heula koe èta kokolot, moal boeroeng djadi wedoek maol ènja teurak, ngan pantrangna oelah boga dosa lamoen rèk miloe ngèsrèk tèh koedoe beberesih heula.

— „Naha jaktos kitoe? Boa teuing bédogna baè mintoel”.

Sobat tèa ènggal namboet bédog, api-api rèk aja noe dikadèk, ka noe tas ngèsrèk bieu, ladjeng dibikeun ka djisim koering, ari pèk tèh dikadèkkeun kana bonggol tjaoe, mani bade sapat.

Sanggem sobat: „Salah mètjakna koedoe kana pingping”.

— „Ah teu wani”, djawab djisim koering bari rada èra”.

Katjatoer dina brètna boedak dikeureut isoek-isoek tèrebang tèh teu tinggaleun ngan harita mah oekoer 2-3 rombongan baè, da noe loba mah soeboeh-soeboeh geus baralik, didinja tèh noe ngalèsrèk tjampoeh deui baè, tinglalèkèk kana sagala bari djigrah boengah noe taja watès wangèna.

Saparantosna lèkasan nembè djisim koering wangsoel.

Eta ngèsrèk tèh babakoena ngaboektikeun pangawéroeh kawèdoekan.

Anoe barisa kitoe babakoena oerang désa Panjindangan, noe basa di Bodjong ogè nja oerang désa èta.

Ari wedoek tèh aja sababaraha roepa ngaranna ogè kajaning: Wèdoek banjoe (koelit mijoeni tjai, moen dikadèk teurak si teurak tapi harita kènèh lipoet deui), wèdoek batoe (koelitna lir batoe dikadèk ka kalah ka ngèboel), wedoek goela sabelah, Wèdoek ... djeung roa-roa deui.

Ari patokanana aja doea roepa, ka hidji ngomè koelit soepaja oelah teurak koe pakarang, ka doea ngomè pakarang sina ledoe oelah neurak. Tah wèdoek noe ka doea mah woengkoel paragi ngèshèk teu beunang dipakè taroeng djeung moesoeh.

Djadjaten kolot baheula mah tjarek aki-aki kiwari noe baheula koengsi ngalaman, kabisana leuwih-lenwih, nepi ka aja hidji djalma dina karia ditoeur koe balioeng toedjoeh teu daèkeun roeboeh kalah tjangkeul noe nampolan.

Aja deui tjènah èta mah rada bèh dieu kadjadian di Tjiawi (onderdistrict Tjibarègbèg) noe njalawat tèh sarombong-sarombongna dipenggel dihalangan koe haer tjoetjoek atawa bitoeng, ana proeng tèh ngadoe djadjatèn, silih sered, èta halang noe sakitoe poharana nepi ka adjoer rarèmoek, ing halè parobotna woengkoel tonggong.

Dina rame-rame ngesrek geus tangtos aja kokolotna noe geus pinoeh koe elmoe, èta kokolot ngadjaga bisi aja noe apès nepi ka bobor karahajoean tjilaka, teurak, babakoena ngadjaring bisi aja noe hiri dèngki ngadoroian.

Ieu ngèsrèk ajeuna geus rada kirang, lantaran ditjégah koe Pamarèntah; noe bararisa ogè teu wanieun nembrakkeun manèh da sieun tèa.

Pèrkawis djampè wèdoek èngke ti poengkoer disoesoelkeun, ajeuna masih kènèh dikotèktak noedjoe dikoempoel-koempoel.

A. GANDA PRAWIRA.

## Kongres basa Soenda.

Basa tèh hidji poesaka titinggal karoe-  
en anoe pangmoendel-moendelna, anoe  
erloe pisan diraksa dipoelasara koe sa-  
rèra, da nja èta banda sarèra tèa. Sa-  
djan di antara oerang Soenda geus aja  
noe ngarasa teu miboga kana basana, tapi  
awangsoelna rèa anoe njaah anoe moe-  
esti, sarta oesaha sangkan basana tam-  
h djembar, tambah moelja, tambah ka-  
radjoeanana sing beunang dipidangkeun  
iloe tandang dina padjamanan. Soergi  
oe kaantjikan rasa hajang djoemoeng-  
joeng kana poesaka loeloehoerna, sarta  
kalebar koe takadjar para boedjanga  
oe geus kahèsèan koe ngolah ngokola-  
eunana, tangtos pisan sering kedal pa-  
nja, boh ka kantja boh ka salira, anoe  
ngelna:

„Koemaha akal terèkahna sangkan basa  
oenda tambah kamoeljaanana, tambah  
madjoeanana, tambah kabeungharana-  
a?!”

Malah sakapeung aja anoe lisan kieu:  
„aha basa Soenda tèh ajeuna mah bet  
waroesak, make aja lemes kitoe, na-  
na makè ketjap èta?” Naha, naha roepi-  
pi anoe matak dinaha-naha.

Aja deui sapaalih anoe kagoengan emoe-  
un: „Beu ajeuna mah oerang Soenda tèh  
is rèa anoe teu bisa basa Soenda! Koe-  
ha akalna sangkan oerang Soenda tam-  
h djarero èlmoe basana? Basa Soenda  
h katèlèr-tèlèr!”

Malah èta anoe karagoengan èmoetan ki-  
e parantos lami aja karepna hajang me-  
basa Soenda, hajang ngadamel kong-  
basa, malah aja anoe parantos ngadiak  
radegkeun pakempelan „Sastrawina-  
en” sagala roepa, nja èta pakempelan  
noelasara basa, nanging bet digangga-  
ng baè, teu atjan poegoeh boeboekanana,  
kitoe geus lami naker.

loepina tina geus ninggang di mangsa  
a, saporantos rèa noe sabiloeloengan  
tsoed, nja ladjeng ngoemaha ka Java  
ituut.

Bestuur J. I. nampi kalawan kabinga-

han, sareng kersa makihikeun ka oerang  
oerang Soenda, ngalaksanakeun sapanoe-  
hoenna, nja èta baris ngadamel KON-  
GRES BASA, soepaja bisa ngadadar sa-  
moedaja anoe djadi kapanasaran tèa.

Waktoena kongrès geus ditetepkeun dina  
SASIH MOELOED ninggang OKTOBER  
1924, lamina doea tiloe dinten tempatna  
di Bandoeng, nja èta rèh ngèmoetkeun  
saèna tempat, kawoewoeh aja pitandangna  
pangaoelaan Bandoeng (mèmèh angkat ka  
Mekah), Djoeragan Patih, Djoeragan  
Hoofdschool opziener, Djoeragan Bestir  
pakempelan-pakempelan anoe sanès, noe  
pada kersa ngadjeudjeuhkeun kana djadina  
èta kongres.

Ari anoe badè dipedar dina èta kongrès,  
nja èta:

I Akal tarèkah sangkan tambah-tam-  
bah kanjaho tina perkara basa.

II Ngadjembaran djeung ngamadjoe-  
keunana basa.

Ieu anoe doea roepi oedagan dipentjar  
deui:

1. Tarèkah pikeun ngamadjoekeun pa-  
ngadjaran basa di sakola-sakola, ti sakola  
désa dongkap ka sakola loehoer. (Anoe  
baris ngadadarkeunana Djrg. Soeria di  
Radja).

2. Mana djeung naon anoe koedoe djadi  
basa Soenda loeloegoe? Basa anoe ti sa-  
tempat-satempatna (dialèk) noe koemaha  
anoe beunang di goeloengkeun djeung basa  
Bandoeng?

(Anoe baris ngadadarkeunana Djrg:  
Mangoendikaria Schoolopniewe Djatiwa-  
ngi).

3. Nerangkeun adegna basa Soenda,  
basa anjar, katrangan moendoer-madjoena  
basa Soenda, dj. s. t. (Baris diterangkeun  
koe Raden Poeradiredja Hoofdredacteur  
Volkslektuur).

4. Koemaha djalan roemawatna djeung  
ngamadjoekeunana mamanis basa, saperti:  
dangding, kawih, sisindiran, dj.s.t. (Ieu  
baris dipedar koe Raden H. Soemadipra-  
dia Dioeragan Patih Poerwakarta).

5. Nerangkeun perkawis basa lemes,  
basa sedeng, nganggona sareng tjoektjroe-  
kanana. (Anoe ngadadarna Raden Kd. A.  
Soeriawinata Bandoeng).

II no 12 191

392

6. Koemaha ari tangtoengna basa hidji-hidjina golongan, naon bèdana ti anoe lian, Saperti basa boedak, basa santri, basa santana, basa pasar, dj.s.t.

(Ieu baris ditjarioskeun koe Djoeragan Moehamad Moehjidin Schoolopziener).


7. Edjahan aksara Soenda. (Didadarna koe Rd. Djajadiredja Bandoeng).

Sajaktosna anoe kedah djadi praeadviezeur tèh, nja èta anoe pimedareum hidji-hidjina pasal, kedah sadaja, atoech tjopèlna kedah sadaja oerang Soenda anoe geus kawalentar kaeuningana tèa, oetamina mah. Ari ieu mah ditoedjoel hidji-hidji sotèh, teu pisan tjoetjoek panon ngan ngarah èn-

tèng waragadna baè. Doepe ti anoe henteu ditoedjoel tèa, èstoe diadjeng-adjeng pisan soemping sareng medar toetoengkoesan dina proegna, minangka badè diboeboekaan koe anoe kasebat bieu tèa.

Ieu kongrès koe para Djoeragan-djoeragan di Bandang baris dieujeub-eujeub koe roepi-roepi tongtonan anoe kakoerobeng koe oedagan J. I. nja èta sapertos; toenil, gondang, ngibing, sareng seueur-seueur deui.

Ti ajeuna disoehoenkeun ka sadaja oerang Soenda soepados dina proegna kersa merloekeun saroemping, oerang moeka pependeman.



393

II n° 12 192